## Кархана ҳәм мекемелер саны
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына)*
*(фермер ҳәм дийҳан хожалықларсыз)*




**Юридик шахс:**

Журитиўде яки оператив басқарыўда айрықша мал-мүлкке ийе болған ҳәмде өз миннетлемелери тәрепинен усы мал-мүлк пенен жауўап беретуғын, өз атынан мулке яки жеке мүлки емес ҳуқуқларна ийе бола алатуғын ҳәм оларды әмелге асыра алатуғын, мажбуриятларды орынлай алатуғын, судта даўагер ҳәм жуўапкер бола алатуғын мекемелер **юридик шахс** есапланады.



## Дизимге алынған комерциялық кәрханалар-юридикалық шахслардың шөлкемлестириў-ҳуқуқий түри бойынша саны
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликте)*

**12 331** — Жуўапкершилиги шекленген жәмийет

**1 537** — Шаңарақлық кархана

**119** — Унитар кархана

**3 452** — Жеке кархана

**27** — Акционерлик жәмийет

**274** — Басқалар

## Дизимнен өткен кархана ҳәм мекемелер қала ҳәм районлар бойынша саны
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликта)*




2020 жыл 1 октябрь жағдайына дизимнен өткен кархана ҳәм мекемелер районлар кесиминде бөлистирилгенде, Нөкис қаласы (29,1 %), Төрткул (10,4%), Беруний (8,3%), Әмиўдәрья (7,2%), Елликқала (6,2%), Қоңырат (5,4%), Хожели (5,0%), Нөкис (4,6%), Шымбай (3,8%), Тахиатас (3,3,%), Қараөзек (3,0%), Кегейли (2,7%), Қанлыкөл ҳәм Шоманай (2,6%)тен, Мойнақ (2,5%), Тахтакөпир (2,1%), Бозатаў (1,2%) районларына туўры келеди.

## Экономикалық хызмет турлери бойынша дизимнен өткен кәрхана ҳәм мекемелер саны
*(1 октябрь жағдайына)*

| | 2019- ж. | 2020- ж. | | |
|---|---|---|---|---|
| *Аўыл,тоғай ҳәм балық хожалығы* | 2 094 | 2 798 | 133,6 % | 13,1 % |
| *Санаат* | 2 295 | 2 782 | 121,2 % | 13,0 % |
| *Қурылыс* | 2 180 | 2 344 | 107,5 % | 11,0 % |
| *Саўда* | 4 183 | 5 271 | 126,0 % | 24,7 % |
| *Тасыў ҳәм сақлаў* | 857 | 890 | 103,9 % | 4,2 % |
| *Жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер* | 1 139 | 1 267 | 111,2 % | 5,9 % |
| *Мәлимлеме ҳәм байланыс* | 334 | 358 | 107,2 % | 1,7 % |
| *Ден саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер* | 353 | 408 | 115,6 % | 1,9 % |
| *Басқалар* | 5 069 | 5 264 | 103,8 % | 24,6 % |

## Ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны
*(1 октябрь жағдайына)*

*бирлик*




*өткен жылға салыстырғанда*




## Экономикалық хызмет турлери бойынша ҳәректтеги кархана ҳәм мекемелер саны
*(1 октябрь жағдайына, бирликте)*



## Ҳәрекеттеги комерциялық кәрханалар саны

*(шөлкемлик-ҳуқуқий турлери бойынша 2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликте)*




**Акционерлик жәмийети:**

Устав фонды турақлы акциялар санына бөлинген жәмийет–акционерлик жәмийет есапланады – акционерлик жәмийетиниң қатнасыўшылары (акционерлер) оның мажбуриятлары бойынша жуўап бермейди ҳәм жамийет искерлиги менен байланыс зыян ушын өзлерине карaслы акциялар қуны айланасында жуўапкер болады.

Акциялар қуны толық толмаған акционерлер, акционерлик жәмийетининг мажбуриятлары бойынша, өзлерине карaслы акциялар қунының төленбеген бөлеги айланасында солидар жуўапкер болады.

Акционерлик жәмийетиниң фирма атында, жәмийетнинг аты ҳәмде бул жәмийет акционерлик жәмийет екенлиги өз саўлесин табыўы керек.

## Жаңадан ашылған кәрхана ҳәм мекемелер саны

*(январь-сентябрь айларында, бирликте)*



## Жаңадан шөлкемлестирилген кархана ҳәм мекемелер саны
*(экономикалық хызмет турлери бойынша январь-сентябрь айларында, бирликте)*




## Жаңадан шөлкемлестирилген кәрхана ҳәм мекемелердиң шөлкемлик-ҳуқуқий тури бойынша қурамы
*(2020 жыл январь-сентябрь айларында, улыўма санындағы үлеси)*




2020 жылдың январь-сентябрь айларында 3 051 кәрхана ҳәм мекемелер жаңадан шөлкемлестирилди. Соннан жуўапкершилиги шекленген жәмийетлер 2 032, жеке меншик кәрханалар 330, шаңарақлық кәрханалар 489, шөлкемлер 55 ҳәм басқалар 145 ти қурайды.

## Ауыл, тоғай ҳәм балық хожалығы хизмети менен шуғулланыўшы кәрхана ҳәм мекемелер қурамы
*(1 октябрь жағдайына)*






## Санаат тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликте)*




2020 йил 1 октябрь жағдайына санаат кәрханалары ҳәм мекемелери саны 2683 қурайды, өткен жылға салыстырғанда 119,6 % ке өсти.

Жәми санаат кәрханалары ҳәм мекемелери саны көбейиўиниң тийкары ислап шығарыў (қайта ислеў) санаатта – 119,5 % ге (жәми санааттағы үлеси 90,5 %), таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеўде – 115,7 % ге (жәми санаатдағы үлеси 6,6 %), электр, газ, пар менен тәьминлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў – 154,2 % ге (жәми санаатдағы улеси 1,4 %) өсти.

Суў менен таьминлеў, канализация системасын, шығындыларын утилизация қылыў – 117,4 % ти (жәми санаатдағы үлеси 1,5 %) қурады.

## Қурылыс тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны
*(1 октябрь жағдайына, бирликте)*




2020 жыл 1 октябрь жағдайына қурылыс тараўында кархана ҳәм мекемелер саны 2 253 қурады, өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 105,0 % ке өсти. Жәми қурылыс тараўында кәрхана ҳәм мекемелер саны көбейиўи тыйкарғы себеби пуқаралық объектлерди қурыў – өткен жылға салыстырғанда 114,8 % ге (жәми қурылысдағы үлеси 8,9 %), қәнийгелестирилген қурылыс жумыслары – 112,7 % ге (жәми қурылыстағы үлеси 31,1 %) өсти.

имаратларды қурыўда 100,2 % ти (жәми қурылыстағы үлеси 60,0 %) қурады.

## Саўда тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны
*(1 октябрь жағдайына, бирликте)*

2020 йил 1 октябрь жағдайына саўда тараўындағы кәрханалар ҳәм мекемелер саны 5 042 қурады, өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 123,8 % ке өсти.

Жәми саўда кәрханалари ҳәм мекемелери саны көбейиўиниң тыйкарғы себеби автомобил ҳәм мотоцикллер саўдасынан тысқары усақлап сатыўда өткен жылға салыстырғанда 126,6 % ке (жәми саўдадағи үлеси 69,4 %), автомобил ҳәм мотоцикллардың көтере ҳәм усақлап сатыўда оларды оңлаў өткен жылға салыстырғанда 130,7 % ке (жәми саўдадағы үлеси 8,2 %) ке өсти.

Автомобил ҳәм мотоцикллар саўдасынан тысқары көтере саўдада өткен жылға салыстырғанда 113,8 % ке (жәми саўдадағы үлеси 22,4 %) ти қурады.



## Ден- саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны

*(2020 йил 1 октябрь жағдайына, бирликте)*

- **Ден саўлықы сақлаў тараўындағы** — **396**
- **Жасаў ушын жай менен тәминлеген халда сақлаў** — **13**
- **Жасаў ушын жай менен тәминлеген халда социаллық хызметлер көрсетиў** — **7**

## Жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўында ҳәрекеттеги кәрхана ҳәм мекемелер саны

*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирлите)*




**86**
**Жасаў бойынша хызметлер**



**1 112**
**Азық-аўқат ҳәм ишимликлер жеткериў бойынша хызметлер**

2020 жыл 1 октябрь жағдайына жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хизматлер тараўындағы кәрхана ҳәм мекемелер саны 1 198 курады, өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 108,0 % ке өсти.

Жәми жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўындағы кәрхана ҳәм мекемлер саны көбейиўиниң тийкарғы себеби азық-аўқат ҳәм ишимликлер жеткериў бойынша хызметлер – 116,7 % ти қурады. (жәми жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўындағы үлеси 92,8 %), жасаў бойынша хызматлер өткен жылға салыстырғанда - 104,9% (жәми жасаў ҳам аўқатланыў бойынша хизматлер тараўындағы үлеси – 7,2 % өсим.

**Киши исбилерменлик субъектлер саны**
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликте)*

**Дизимнен өткен 17646**

киши кәрхана 1 039 | микрофирмалар 16 607

**Хызмет көрсетип атырған** 16 887

киши кәрхана 1 033 | микрофирмалар 15 854

**Жаңадан ашылған 2962**

киши кәрхана 42 | микрофирма 2920

**Ҳәрекеттеги киши кәрхана ҳәм микрофирмалар сани**
*(экономикалық хызмет турлери бойынша 1 октябрь жағдайына, бирликте)*



**Районлар кесиминде ҳәрекеттеги кәрханалар ҳәм мекемелер саны**
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликте)*



## Сырт ел капиталы қатнасындағы кәрхана ҳәм мекемелер саны
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликте)*




Дизимнен өткен сырт ел капиталы қатнасындағы кәрхана ҳәм мекемелер саны 2020 жыл 1 октябрь жағдайына 167 қураған болса, олардан 164 ти яки 98,2 % ти ҳәрекетте. Бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 22 ге яки 115,6 % ке өскенин көриў мумкин.

2020 жыл январь-сентябрь айларында Қарақалпақстан Республикасында 11 сырт ел капиталы қатнасындағы кәрхана ҳәм мекемелер жаңадан ашылған.

## Ҳәрекеттеги сырт ел капиталы қатнасындағы кәрханалар саны
*(экономикалық хызмет турлери бойынша 1 октябрь жағдайына, бирликте)*



**Районлар кесиминде сырт ел капиталы қатнасындағы хәрекеттеги кәрханалар саны**

*(2020 йил 1 октябрь жағдайына, бирликте)*

| | Жәми | соннан: | |
|---|---|---|---|
| | | қоспа кәрхана | Сырт ел кәрханалары |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **164** | **94** | **70** |
| Нөкис қ. | 38 | 20 | 18 |
| *районлар:* | | | |
| Әмиўдәрья | 5 | 2 | 3 |
| Беруний | 10 | 3 | 7 |
| Бозатаў | 2 | 1 | 1 |
| Қараөзек | 11 | 8 | 3 |
| Кегейли | 7 | 5 | 2 |
| Қоңырат | 7 | 5 | 2 |
| Қанлыкөл | 6 | 3 | 3 |
| Мойнақ | 28 | 21 | 7 |
| Нөкис | 10 | 7 | 3 |
| Тақыятас | 11 | 3 | 8 |
| Тахтакөпир | 6 | 4 | 2 |
| Төрткүл | 4 | 3 | 1 |
| Хожели | 4 | 1 | 3 |
| Шымбай | 5 | 3 | 2 |
| Шоманай | 5 | 2 | 3 |
| Елликқала | 5 | 3 | 2 |

Сырт ел капиталы қатнасындағы хәрекеттеги кәрханалардың тыйкарғы бөлеги Нөкис каласында 38 (улыўма көлемдеги улеси 23,2 %), Мойнақ 28 (17,1 %), Қараөзек хәм Тахыятас 11 ден (6,7 %), хәмде Беруний хәм Нөкис районларында 10 нан (6,1 %) есабына туўра келеди. Керисинше, Төрткул хәм Хожели 4 ден (2,4 %) ҳамда Әмиўдәрья, Елликқала Шымбай хәм Шоманай 5 ден (3,0 %) районлары көрсеткишлери пәс дәрежени көрсеткен.

**Районлар кесиминде жәми сырт ел капиталы катнасындағы кәрханалардың қоспа кәрхана ҳәм сырт ел кәрханаларна бөлистирилиўи**
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, жәмине салыстырғандағы улеси % те)*




2017-2021 жылларда раўажланыўдың бес аҳийметли бағдары бойынша “Ҳәрекетлер стратегиясы”ның ушинши зәрүр бағдары – **халықара экономикалық шерикликти жәнеде раўажлантырыў** есапланады. Сырт ел инвестициялар қатнасындағы кәрханалар саны өсип барыўы, ең дәслеп мәмлекетдеги сиясий турақлылық ҳәм инвестиция хызметин нызамлы тийкарлары қурамаласып атырғаны менен тәрийпленеди.

## Сырт ел кәпиталы қатнасындағы ҳәрекеттеги кәрханалардың мәмлекетлер кесиминде саны

*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликте)*




## Жаңадан ашылған сырт ел капиталы қатнасындағы кәрханалар саны

***(экономикалық хызмет турлери бойынша январь-сентябрь айларында, бирликте)***






Шаңарақлық кәрханалар саны
*(1 октябрь жағдайына, бирликте)*




Шөлкемлик-ҳуқуқий турилери бойынша дизимнен өткен шаңарақ карханалар саны 2020 жыл 1 октябрь жағдайына 1 537 қурады, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 546 яки 1,6 есеге көбейгенин көриў мумкин.

Ҳәрекеттеги шаңарақлық кәрханалар саны 1 461 қураған болса, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәуирине салыстырғанда 498 яки 1,5 есеге көбейгенин көриў мумкин.

2020 жыл январь-сентябрь айларында жаңадан ашылған шаңарақлық кәрханалар саны 489 қураған болса, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўрине салыстырғанда 172 яки 1,5 мәртеге көбейгенин көриў мумкин.

Ҳәрекеттеги шаңарақлық кәрханалардың
районлар кесиминде саны
*(2020 жыл 1 октябрь жағдайына, бирликте)*



## Статистик көрсеткишлерге тусиндирмелер

**Кәрхана ҳәм шөлкемлердиң бирден бир мәмлекетлик регистры -** мәлимлеме-мағылуматнама көрнисиндеги, ўакты- ўакты менен жаңалап барылатуғын мағылуматлардан ибарат болған, автоматластырылған система есапланады ҳәмде бирден-бир классификациялар системасы тийкарында кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң мәмлекет есабын ҳәм оларды идентификацияластырыўды тәминлейди.

**Дизимге алынған** - Дизимнен өткериў органлары тәрепинен белгиленген тәртипте мәмлекет дизимнен өткерилген ҳәмде юридик шахслардың мәмлекет реестрында бар болған юридик шахслар (сапластырылған юридик шахслардан тысқары).

**Ҳәрекеттеги** - Дизимге алыў органлары тәрепинен белгиленген тәртибте мәмлекет дизимге алынған ҳәмде мәмлекетлик статистика органларына финанс-хожалық хызметин әмелге асырмайатырғанлығы яки сапластырыў алдында екенлиги туўрысындағы мағылумат келип туспеген юридик шахслар.

**Жаңадан шөлкемлестирилген** - дизимнен өткериў органлары тәрепинен белгиленген тәртипте юридик шахслардың мәмлекет реестрына жаңадан киритилген юридик шахслар.

**Юридик шахслардың ҳызмет көрсетиў дәрийжеси** – белгили бир даўирде ҳәрекетсиз юридик шахслардың жәми дизимнен өткен юридик шахсларга салыстырғанда % дағы көрниси.

**Киши кәрхана ҳәм микрофирмалар -** Өзбекстан Республыкасы Минстрлер Кабинетиниң 2016 жыл 24 августдағы “Эканомикалық хызмет турлерин көрнисиниң халқара системасына өтиў ис-илажлары туўрысындағы” 275-сан қарарының 1-қосымшасына тыйкар киши исбилерменлик субъектлерине тийсли бөлған кәрханалар ҳәм шөлкемлер.

**Сырт ел капиталы катнасындағы кәрханалар -** норезидентлер қатнасындағы кәрханалар, сырт ел юридик шахслар (сырт ел фирмаларның филиаллары ҳәм бөлимлери), кәрхананың устав фондида сырт ел пуқаралары ҳәм пуқаралығы болмаған шахслар қатнасқан кәрханалар.